ДӘЎЛЕН АЙТМУРАТОВ

# МЕН ШЫНЛЫҚТЫ СҮЙДИМ ОЛСЫЗ ҲЕШ НӘРСЕДЕ ҚӘДИР ЙОҚ

*(Қосықлар ҳәм тымсаллар)*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН 1988

www.ziyouz.com kutubxonasi

КК.2
А—44

Д. Айтмуратов. *Мен шынлықты сүйдим олсыз ҳеш нәрседе қәдир йоқ.* Қосықлар ҳәм тымсаллар. —Нөкис: Қарақалпақстан, 1988—84 б.

Жазыўшы, илимпаз Дәўлет Айтмуратов ҳәзир сизиң қолыңызда турған усы „Мен шынлықты сүйдим олсыз ҳеш нәрседе қәдир йоқ" атлы қосықлар ҳәм тымсаллар топламының, „Ялғаншының иси", „Пирқаққан" комедияларының тийкарында жазылған „Ақмақлықты жырлаў" атлы сатиралық комедияның, „Түркий халықлар атамалар: қарақалпақ, қара клобуклар, черкес, башқурт, қырғыз, уйғыр, түрк, печенег, сақ, массагет, скиф" („Тюркские этнонимы...") атлы илимий мийнеттиң авторы.

Автордың бул „Мен шынлықты сүйдим олсыз ҳеш нәрседе қәдир йоқ" топламына оның ең жақсы деп есаплаған қосық ҳәм тымсаллары тийкарынан пүткиллей дерлик қайтадан исленилип ҳәм бир қанша таза қосық, тымсаллары, сондай-ақ Ҳапыз, Наўайы, Крылов, Лермонтов усаған дүнья әдебияты классиклериниң айырым шығармаларының творчестволық, еркин аўдарылған аўдармалары киритилген.

А $\frac{4702270202—055}{М—357(04)—88}$ 26—88

ISBN 5-8272-0036-0

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1988

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ПОЭЗИЯ, УЛЫЎМА АЙТҚАНДА ӘДЕБИЯТ —БУЛ ҲҮЖДАН МЕНЕН БИРГЕ ПИТКЕН ИЛИМ

Көркем әдебият ҳаққында, поэзия ҳаққында айтылып атырған пикирлердиң есабы, саны жоқ. Оқыўшылар жәмийетшилиги әдебияттың, соның ишинде поэзияның көркем дөретпе екенлигин биледи.

Биз ҳәзир усы „көркем дөретпе" деген еки сөздиң мәнисине қысқаша тоқтап өтейик. „Көркем" деген сөз сулыў, шырайлы, келбетли, гөззал деген сөзлер менен мәнилери жағынан өз-ара жүдә жақын, синоним сөзлер болып есапланады. Сонлықтан „көркем дөретпе" сөйлемшесин шырайлылық, келбетлилик, гөззаллық, сулыўлық дөретиў, ямаса жаратыў деп түсиниў керек болады. Бул гөззаллықты, бул сулыўлықты шығарманың идеялық мазмуны ҳәм формасы түринде де көриўге болады. Өйткени бир пикир бар, бир идея бар гөззал, әжайып, ал гей бир пикирлер, идеялар бар (оларды да „идея" деп атаўға болады) гөззал емес, әжайып емес. Бул жерде „гөззаллық" деген түсиник пенен „жақсылық" деген түсиниктиң де өз-ара жақын, туўысқан түсиниклер екенлигин әййемги грек илимпазлары кашшан-ақ айтып кеткен. Солай етип, әдебий шығарманың идеялық мазмунының жақсы болыўы—оның көркемлигиниң жоқары болыўының тийкарғы шәртле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ринип бири болады. Мине, бизиң гөззаллықты, сулыўлықты шығарманың мазмуны түринде де көриўге болады дегенимиздиң мәниси усы.

Ал, енди көркем шығарманың формасының гөззал, сулыў болыўының, яғный, әдебий шығарманың шеберлик пенен, гөззал, қунарлы, сулыў стилин жазылған болыўының кереклиги—сирә турған нәрсе.

Биз усы „көркем дөретпе", яғный „көркемликти дөретиў, гөззаллықты, сулыўлықты дөретиў" ямаса „гөззаллықты, сулыўлықты жаратыў" сөйлемшесиниң „жаратыў", „дөретиў" сөзиниң мәнисине келейик: бул сөз бизиң ойымызша, бизиң ҳәммемизге түсиниклидей. Бирақ биз бул сөздиң мәнисине бир-қанша дәрежеде бийпарықлаў қарапқырап жүрмиз.

Биз бул жерде қысқаша, әдебий шығарманы илим менен байланыстырыў, яғный, оны илим деп түсиниў мәселесине келейик.

Бизлер, қолларымызға қәлем услаған жолдаслар көпшилик жағдайларда, ядымызға түскен бир үлкен я киши пикирди ямаса туйғыны ол пикир әдебий шығарма ушын мазмун болыўға арзыйма, арзымайма, ол пикир бизден бурын, әййем заманлардан бери жазыўшылар шайырлар тәрепинен айтылып қойылмаған ба, я қашшан айтылып кеткен пикир ме, ол жағына онша итибар берипкиремей-ақ шығарма жаза салыў фактлеримиз сийрек гезлеспейди.

Биз бизден мың жыл бурын айтылған ямаса дүньяның басқа шетиндеги (мейли ол Чукоткадағы ямаса Мадагаскардағы) жазыўшы тәрепинен айтылған пикир ямаса туйғы болмасын, оны қайтадан айтқан болсақ онда дөретилгенди қайтадан дөреткен, жаратылғанды қайтадан жаратқан боламыз. Демек, биз булай ислесек ҳеш нәрсе дөретпеген, жаратпаған боламыз. Өйткени бир туўылған бала екинши рет туўылмайды. Бирақ буннан ески сюжетлердиң ямаса пикирлердиң тийкарында шығарма жазыўға болмайды деген мәни келип



www.ziyouz.com kutubxonasi

шықпайды. Биз егер бурыннан бар, ески сюжетлерге шығарма жазған болсақ, ол сюжетлерге шығарманы оннан да бетер күшлирек, оннан да бетер жақсырақ, оннан да бетер гөззаллырақ етип жазған болыўымыз керек.

Мениң ойымша, әдебият, соның менен бирге поэзия—бул илим. Илим ашылған жаңалықты қайтадан ашпайды. Илим —жаңалық ашылмаған жерде илим емес. Илимпазға биреўдиң ашқан жаңалығын қайтадан ашыўға руқсат жоқ. Мине, жазыўшының, шайырдың ҳәм усындай болыўы керек болады. Бул жерде жазыўшы менен шайырдың ўазыйпасы—шырайлылық, келбетлилик, гөззаллық, сулыўлық ашыў. Гөззаллықтың, сулыўлықтың көзин ашыў. Былайынша айтқанда, шайырдың ҳәр бир қосығының, ҳәр бир қосық қатарының журт айтпаған жаңалық, жай адам айта алмайтуғын дәрежеде шырайлы, келбетли, гөззал, сулыў әжайып болыўы үзил-кесил керек болады. Ҳаў, ол енди соның ушын ҳәм шайыр ғо?!

Мен сонлықтан „шығарманы онша көп жаза бериўдиң кереги жоқ", —деп айтар едим. „Шығарманы көп жаза берип, оған жүкли катынның жерик болған жерин көргениң бар ма? Балық керек жүкли катынға", —деп айтар едим. „Жазбай-ақ қой, елиў шығарма.

Журттан шығарма қарызың бар ма? Адамзатқа пикир айтып бер, сөз айтып бер елиў әжайып!"—дер едим. Бирақ, әлбетте, шығарманы бастан-аяқ бүйтип-әжайып, гөззал етип жазыў қыйын. Бирақ аңсатлық пенен абырай алыў бар ма? Мине усы гөззаллықтың, сулыўлықтың ишине (жоқарыда айтып өттик,) форма да, мазмун да киреди. Солай етип, әдебият, поэзия—гөззаллықтың, сулыўлықтың байлығын топлаўшы илим. Ал енди бул сулыўлықтың, гөззаллықтың байлығының қаяққа жумсалатуғынлығы бизлердиң ҳәммемизге аян. Сулыўлық, гөззаллық бизиң жанымыздың жақсарыўы ушын хызмет етеди ҳәм биз моральлық

тәрбияны усы жанымыздың жақсарыўы арқалы аламыз. Жуўмақлап айтқанда, эстетикалық тәрбия дегенимиздиң мәниси усы.

Енди әдебиятты, соның ишинде поэзияны „ҳүждан менен бирге питкен илим" деген сөзимиздиң мәнисине келейик. Биз жоқарыда „гөззаллық" деген сөздиң „жақсылық", яғный „кисиге, басқаларға жақсылық етиў" деген сөздиң синоними екенлигин айтып өткен едик. Солай етип, бул бизиң „жақсылық" деген сөзимиз „жәмийетке хызмет етиў", „халыққа хызмет етиў", бирақ қалыс хызмет етиў (усы түсиник үлкен әҳмийетке ийе) деген мәнилер менен ушласып жатады. Былайынша айтқанда поэзияның, улыўма әдебияттың бас ўазыйпасы гөззал, әжайып болып жазылыў менен бирге шынлықты, әдилликти айтыў ҳәм олардың жеңислерине ерисиў болып есапланады. Ал енди бундай ийгиликли, жоқары ислерди ҳәм оның үстине қалыс ислерди пәс, ҳүждансыз адамлар ислей алмайды. Пәс адамның ойында тек өзиниң мәпи турады ямаса жүдә арман кетти дегенде әдебият арқалы, шайырлық арқалы даңққа ерисиў, атаққа ийе болыў уқсаған пәс мақсетлер турады. Ҳеш бир шайыр, жазыўшы бундай мақсетлер менен шын мәнисиндеги көркем әдебият шығармаларын дөрете алмайды. Жазыўшының, шайырдың көкирегинде ҳеш қандай мәп жатпаўы керек. Ҳәттеки „жақсы болғанымыз пайдалы болады екен аў, сонлықтан жақсы болайық" деген ҳәм ойдың болмаўы керек. Өйткени түрли нәрсениң итималының бар болыўы мүмкин, бирақ тәсил жолы менен, ҳийле жолы менен данышпан бола алыў итималы жоқ. Жортаға данышпан бола алмайсаң. Демек, көркем шығарма дөретиў ушын оны дөретиўши жазыўшының, шайырдың өзиниң адамгершилик қәсийетиниң жоқары болыўы керек болады. Өйткени жақсы сөз жақсы кеўил сарайынан шықпай ма? Ҳаў енди әпиўайы мысал: қуйылған гербиштиң төрт мүйешиниң дүзиў, туўры болып шығыўы ушын сол гербиш



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиң куйылып шыққан кәлибиниң өзиниң төрт мүйешиниң туўры болыўы керек емес пе?

Бизиң бул пикиримиздиң дәлили ретинде әййемги грек илимпазы, (эстет - гөззаллық маманы) бизиң эрамыздың 2—3 әсирлеринде, былайынша айтқанда, бизден 1800 жыл бурын жасап кеткен Псевдо—Лонгин (Дионисий Лонгин деген кисиниң алтынға капласа арзыйтуғын мына сөзлерин мысал етип келтирмей өтиўге болмайды. Ол былай деп жазады: „Ҳақыйқат шайыр ушын бәриңен бетер, жақсылық етиўди билмейтуғын пәс, ҳүжданы кемис болыўға болмайды. Өйткени, пүткил өмир бойы тек өз қара басының мәпин ойлаған пәс адамның журт таң қаларлықтай мәңгиликке умытылмастай үлкен, уллы ислерди ислей алыўы мүмкин емес. Уллы сөзлер (демек, уллы шығармалар) көкиреклеринде уллы арзыў-тилеклери бар адамларда болады. Сонлықтан, айрықша жақсы нәрселерди ислеў—көкиреклери соншелли бәлент, жоқары арзыў-тилеклерге толы адамлардың жумысы."[1] —деп жазады.

Соның менен бирге, Псевдо—Лонгинниң айтыўы бойынша шайырдың ямаса жазыўшының „батырларша ойлай билиў уқыбына ийе болыўы керек" екен.

Бизиң ойымызша, бул жоқарыда айтылған пикирлердиң дурыслығын ҳеш бир илимпаз ҳеш ўақытта да бийкарлай алмас.

Енди өз әдебий творчеством бойынша қысқаша, еки аўыз сөз айтпақшыман. Мениң енди, әлбетте, әдебий шығарма дөретиў мәселеси бойынша жоқарыдағы өзим тәрепинен айтылған пикирлерди басшылыққа алып, өз түсинигим бойынша ҳәрекет ететуғыным

---

1 История эстетики. Памятники мировой эстетической мысли. Москва., 1962, I том, 215-бет,

www.ziyouz.com kutubxonasi

тәбийғый нәрсе. Мен әлибетте, (буны жәмийетшилик биледи), тилекке қарсы мендеги кемшилик, әдебият майданында көп жазған, „мол зүрәәтли" жазыўшы бола алмай қалыппан. Мен буған, әлбетте, қыйланаман. Бул бирақ мениң соңғы онлаған жыл даўамында илимий жумыс пенен шуғылланып кеткенимниң себебинен болған шығар. (Буннан хабары болмаған айырым жолдаслар ушын, жақында, 1986-жылы „Қарақалпақстан" баспасы тәрепинен мен өзимниң „Түркий халықлық атамалар: (Гюркские этнонимы...") қара қалпақ, қара клобуклар, черкес, башқурт, қырғыз, уйғур, түрк, печенег, сак, массагет, скиф" атлы илимий монографиямды рус тилинде китап етип шығарғанымды еске салып өтким келеди). Сонлықтан мен „Қарақалпақстан" баспасы тәрепинен өзимниң онша үлкен емес бурынғы шыққан топламларымның („Қосықлар ҳәм тымсаллар" —1960, „Ағар дәрья"—1965, „Тымсаллар"—1974) ишлеринен ең жақсы деп есаплаған қосықларым менен тымсалларымды тийкарынан дерлик пүткиллей қайтадан ислеп (себеби ол ўақытлардан бери әдебий түсиник өсти, раўажланды) ҳәм басқа да таза қосықларды ҳәм тымсалларды жазып, усы кишкентай, бәри болғаны еки баспа табақлық „Мен шынлықты сүйдим олсыз ҳеш нәрседе кәдир йок" атлы топламымды китап оқыўшылар жәмийетшилигиниң дыққатына усынып отырман. Анығын айтқанда, ояқ-буяғы дерлик бир том шамасындағы поэзиялық шығармалардың аўдармаларын, Эразм Роттердамскийдиң „Ақмақлықты мақтаў" атлы сатиралық романының (проза), Эсхилдиң „Шынжырланып бәнт етилген Прометей" трагедиясының аўдармаларын есапламағанда, оригинал шығармада мениң усы „Мен шынлықты сүйдим олсыз ҳеш нәрседе кәдир йок" атлы топламымнан ҳәм 1966—1968-жыллары К. С. Станиславский атындағы „Ҳүрмет белгиси" орденли қарақалпақ мәмлекетлик драма ҳәм комедия театры тәрепинен қойылған „Пирқаққан" комедиясы



www.ziyouz.com kutubxonasi

тийкарында қайтадан жазылып питкен ҳәм бас қаҳарманы болып Пиркаккан Орақов хызмет ететуғын „Ақмақлықты жырлаў“ атлы сатиралык комедиямнан баска мениң оригинал шығармам жоқ. Оригинал шығармадан (енди келешекте жазатуғын болмасам) усылар мениң жазғанымның болғаны.

Мениң бул бирден-бир „Мен шынлықты сүйдим олсыз ҳеш нәрседе кәдир йоқ“ атлы кишкене топламымның ишине бирди-ярым совет халықлары ҳәм шет ел әдебиятларының классиклериниң ҳәм бир-еки совет шайырларының қосықлары, ғәззеллери, тымсаллары да киргизилген. Мениң ойымша бул шығармалардың творчестволық аўдармалар ретинде мениң творчествомнан орын алғаны мақул болады. Соның ишинде әсиресе, Лермонтовтың „Ойлар“ қосығын, Нәўайының үш-төрт ғәззелин, Крыловтың тымсалларын айтыўға болады. Мен Әлийшер Наўайының алпыстан аслам ғәззеллерин аўдардым. Солардың ишинде әсиресе усы мениң топламыма кирген үш-төрт ғәззел жүдә еркин аўдарылды.

Енди улыўма көркем аўдарма жөнинде, поэзиялык шығармалардың аўдармасы жөнинде еки аўыз пикир айтайын. Мениң ойымша поэзиялык шығарманың аўдармасы (егер ол академиялық аўдарма болмаса)—бул сол баска тилден аўдарылып ағырған шығарманы сол оригиналлары тайын пикир, тайын мазмун, тайын идея тийкарында өз тилинде қайтадан жазыў болып есапланады.

Мен аўдарманың сапасы ҳаққында мынаны айтар едим. Егер Пушкинди халтурщик аўдарса, Пушкин халтурщик болып шығады, егер халтурщикти Пушкин аўдарса, халтурщик Пушкин болып шығады.

*Дәўлен Айтмуратов.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЛИРИКА

### ЎАТАН-АНАМ

Күн шығыстан көтерилген сениң қуяшың,
Қуўанышқа толық етти көзгенемниң уясын.
Дәрьяларың дәрман берди маған таўдан қулаған,
Мен өзимниң тәғдириме ырза боламан.
Қулшынғанман қушағында қулпы-дөнип атырған,
Бақытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.

Көллер, әне, күн астында көлбей жалтырар
Жазықлығың жақсылықты еске салдырар.
Шашым қарып, желпип өтер желлер жүзимди,
Мәртебели асқар таўлар кеўлим өсирди.
Жаным мениң таныс емес әжайыпты сағынған,
Бақытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.

Билим билдим жаслығымда. Мениң ойын-күлкимди
Сен қорғадың. Қызлар сести сулыўлыққа үлгимдур
Бағ ишинде ырғатылып барып-қайтар гөззаллар,
Жангенемди сәўер ярлар мениң қозғарлар
Шынында да усы жерде ғәрип болар мепде жан,
Бақытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.

Шәжда қылып яқшыларға маған габынбақ лазым
Әжинияз, Мақтымқулы, Ҳапыз йәне Эразм
Ҳәм Лермонтов жақсарт ылар мениң жанымды.
Мен үйрендим яқшылардан дүнья таныўды.
Сол себептен көкирегим ҳақ—периштеге жақынман
Бахытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дерлик жырткыш ҳайўан еди адам бурын. Елимде
Әдил заман орнатылды. Маркс пенен Лениннен—
Адамзатты Октябрьден басланды деп санайман,
Маркcти мен уллы қойдым Алла менен Кудайдан.
Таңларымды партиямдур мениң тыншатырған,
Бақытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.

Илим қуўдым. Көкирегиме мәселелер мениң дарыйды,
Изертледим мен әййемги бабалардың тарыйхын.
Бурымлары балталардың сапларындай батырлар—
Өткен екен. Атлар шабар жилли-сүўрей адырлар.
Болғым келер жазыўшы-ҳәм, илимпаз-ҳәм, батыр-ҳәм,
Бақытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.

Ўа-а-ах нәйлермен, көпти гөзлер адам қыялы,
Көкирек қурғыр кең дүньяға зорға сыяды,
Қуўанғанды жақсы көрер еки көздиң жанары,
Қызығы көп, қаншелли көп бул дүньяның әнары!
Әзийз жанға не кериктиң бәри сеннен табылған,
Бақытлыман, Ўатан-анам мениң қәдирдан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН

Мен усы жақты дүньяны көриўге келдим, ядымда;
Далалыққа барған күнлер, ата-анам еки жағымда;
Шабандозлар ойнар еди ылақ басып тақымға;
Сонда кеўлим ерер еди жүйриклерге жарысқан.
Сеники мениң жигерим. Мен ақтым әрман пырағынд
Жаным, Қарақалпақстан.

Атамнан қалған мәкан да ҳәм ескиден нуска да,
Менин күн батысымда бултынды қушты Қусхана,
Ҳәм онын бийик шыңлары шақырды мени ушпаға,
Көз алдымда булдырап, өзине тартып алыстан.
Жүрегим мениң сеники, жүрсем ҳәм қайсы туста да
Жаным, Қарақалпақстан.

Жаслығымды еске салып мен қуўанышлы күлемен,
Гентеклерди шөкелеп, көк табан сақа үлеген,
Ҳәм әлипбе китабымды, қараўсызлықтан түлеген,
Ҳәм күнлерди мектептен аўыл бетке шабысқан.
Жаслығым мениң сеники—ол сениң менен гүл екен,
Жаным, Қарақалпақстан.

Мерекеде орынлар алып отырған ўақта қасыңнан,
Реҳимсиз еринлери маржан тислерин жасырған,
Бирақ жигитлер тәрепке урлап қыяллар қашырған,
„Қызлар чепи кәлегей"—деп, болғым келер арыслан
Муҳаббатым сеники, баўырыңда гүлдей ашылған,
Жаным, Қарақалпақстан.

Әмиў көшер буўдакласып, қойныңнан гүлдей
жайнаған,
Ақ бултларға мегзес болып, артынан самал айдаған
Жүрегим жалын алады, көзимнен буны байқаған,
Аяқты қарпып толқыны, қарап турсам жағыстан,
Жаным, Қарақалпақстан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рус, өзбек, қазақ, қарақалпақ дос: мақсетке жетеди.
Бул ис жүзиндеги дослық, сүйемен буны, себеби,
Дослықтың тырнағыи үстине салыўға тил
былқылдақлық етеди:
Тығыз турған еки зат саў турар, сынар еки зат
қағысқан.
Саған не жақса, сол нәрсе мени ҳәм елжиретеди,
Жаным, Қарақалпақстан!

Миннетдарман Әжинияздың нәзик лирикасына,
Ҳәм Қурбанияз бақсының аҳ екшеп шерткен сазына,
Ҳәм Аббаздың қосықларына, жумалаған ел арасына,
Мен адам болып қуралдым, тек сеннен алған қарыздан:
Шайырлық йошым сеники, жараса халық мүтәжына,
Жаным, Қарақалпақстан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсылығын жақсының айтыў,
Жақсылықты болар байытыў.
Сен езилген халықлар ушын
Азатлықты қалдырдың мийрас.
Сениң өмириң, сен еткен ерлик,
Мәңгиликке айта жүрерлик.
Қыялыма ҳеш қандай сыймас.
Жақсылықтың асқар таў яңлы
Ең жоқарғы идеалы—сен.
Сенсиз, мен ойлаған идеал
Болар еди өзиңнен төмен.
Ол ҳәм болмас сен киби ҳадал!
Сен киби яқшы, сен киби данышпан!
Кешир, тарыйхлар менен таныспан!
Билимсиз адам ғайраткер болып,
Әдил бола алмайды толық.
Билимсизден шығады заңғар,
Әдилликти орната алар,
Саған мегзес бәлент адамлар!
Жақсыларда нызамлылық бар.
Мен артықмаш ҳеш нәрсе демеспен,
Ондай сыясатшыл емеспен.
Капитализм адамзатқа жат,
Ол—жыртқышлықлар дүньясы ҳақыйқат.
Тәлиматың усы негизги,
Жыртқышлықтан қутқарды бизди.
Биреўди бай, биреўди жарлы
Етиў—әне усы ақылсызлық тийкарғы.
Артықмаш байлық қылмыссыз жатпас.
Адамға байлық бериў артықмаш
„Мә, мынаның ишине ур!“—деп,
„Ана қаралыны өлтир!“—деп,
Пышақ берген менен барабар.
Елтиң жаманлықты аўыр жарадар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бердиң өшлиге өш, арлыға ар алып.
Социализмниң орнаўы арқалы
Азыўлының азыўын суўырдың,
Ғайратына мен сениң турдым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЎ ҮСТИНИҢ ҚОСЫҒЫ

Минип Асқар таў үстине мен турыппан. Тусымнан
Бир жақларға буўдаклана бултлар көшеди,
Кең дүньяға көз тисларман тасып усыннан,
Кеўлим мениң, көкирегим мениң өседи.

Төмен кетер еңтерилген таўдың етеги,
Шалқар теңиз көгислене түтер узақтан,
Ҳәўлир, көкирек! Көкке төбем мениң жетеди,
Жыра өзин гүңгирт тартып қүдиретке қусатқан.

Жаным көпти қусер мениң. Еки көзимнен
Көринер бул. Әтирапқа қайта қарарман,
Таў үстинен, мени соншa жоқарыға өсирген;
„Асқар шыңлар анаў тур"—деп айта аларман.

Кеўилимди уллылықлар сөйтип хошлайды,
Мәртебели бәлентликлер мени толқытқан.
Тек үлкен ой, үлкен мақсет жаным қозғайды,
Ҳәм жақсылық еткиң келер әбден соңлықтан.

Минип Асқар таў үстине мен турыппан. Тусымнан
Бир жақларға буўдаклана бултлар көшеди,
Кең дүньяға көз тасларман тасып усыннан,
Кеўлим мениң, көкирегим мениң өседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН СҮЙЕРМЕН

Мен сүйермен өскен жерди, өткен жаслық гезлерим,
Аясында раўаж еткен балалығым базарын.
Мен сүйермен қулдыраған қулын сеслерин,
Ҳәм қасыма қыя түскен қызлар нәзерин.

Мен сүйермен нызам билмес аскар таўлар диэбегин,
Жасырынып ойнаўларын жылтыр булақтың,
Түнги пүткил қудиретли дүнья көринислерин,
Шарқ айланып шалқып аққан дәрья рахтын.

Сыңсыр тоғай туркын сүйер көрер көзлерим,
Мен сүйермен қара жерди қайра басып жүргенди,
Теңизлердиң салтанатлы тербелислерин.
Жаратылыс көз алдымда жаным болып түрленди.

Қыял жүйрик: жулдызларды маған нусқайды,
Мен сүйермен гөззал ярды, сүймесликке дадым йоқ.
Жангенемди жазықлықлар мениң қозғайды,
Ҳәм шынлықты сүйдим, олсыз ҳеш нәрседе кәдир йоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎА-А-АХ, СОЛ КӨРИНГЕН ГӨЗЗАЛ ЯР!

*Ғәзел*

*(Нағайыға еликлеў)*

Ўа-а-ах, сол көринген гөззал яр! Ол яр сондай,
ўа-а-ах нәйлермен!...
Яр емес, ол бир лалазар! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...

Ол гөззал өтти қасымнан.—Асты машқала басымнан!
Ўа-а-ах меннен кетти ықтыяр! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...

Жан-тәни ол нигардың пәк ҳәм сести сыңғырлар
булақ!
Ол яр бар жерде өмир бар! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...

Мен қарарман жамалына ай!—Салар жаныма булағай!
Болмас қарар көзлеримде, ар! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...

Гөззаллықтай қудиретти ҳеш мен көрмедим! Кетер
меннен ес!
Нәзер жылдырымға барабар! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...

Ада болмас кеўилимде дәрт!—Дәрт салмағы ол
нигардың шәрт!
Яндырады нигар, нигар! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...

Ол маған бермес итибар. Мен шегермен ол нигар деп
зар!
Ол нигарсыз дүнья маған тар! Ол яр сондай, ўа-а-ах
нәйлермен!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПЕРИИЗАТ

Бас ийермен тəбияттың алдында. Келтирди сени
жаратылыс.
Мəңгиликке жаныма тəсир етер илəҳий сөз—„қыз!"
Мениң ойымша ҳеш мəни аңлатпас жақты дүнья
олсыз.
Гөззаллыққа қул етиўши қүдирет мениң өз еркимнен
тыс!

Бул дүньяда мəртебе йоқ сен арқалы қайта
көгериўдей!
Сөйтип өз нарттан шыққан тал шыбығымды көриўдей!

Перийзат! Бул дүньядағы жақты зат сениң
жамалындур
Сенде сулыўлық нəзикдур! Қайғым сонлықтан
қалындур!
Ашықлықтай от йоқ нəрсе, ол бирақ татлы
жалындур!

Жан сулыўлығын жақсы дер. Турдым мен оған. Аян
етин!
Бирақ бəринен яман екен тəн қыямети!
Саған қолым жетпегени ушын бақытлыдан сени
қызғанып
Саған қыянет қылмақ асқар таўдай уллы ўэлатызналық!
Сүйегөриң, сыйлайгөриң, қорғайгөриң гөззаллықты,
халық!
Сениң өкип-өспеклигиң ақылға муўапық! Соны өтким
келер есиңе салып!
Саған бақыт тилемеў нағлетийлик, өз бақытсызлығына
налып!

Нашар туқымына жаманлық етиўдей жийиркенишли
зат йоқ дүньяда!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сениң бақытыңды ойламаған бай жигит аянышлы геда
Адамзат бақты ушын сениң әҳмийетиңди сүўретлеп ете
алмас едим ада

Нашар тұқымы, перийзат, саған бас иймеген бәрше
йоқ
Бул дүньяда сеннен татлы ҳәм сестен татлы нәрсе йо

Сени көрсем, алмас мениң қыяр-әә жанымды!
Бул дүньяда әрманым жоқ, перийзатлар ушын төксе
қанымды


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДИЛБАР БАРАР

Дилбар барар, әне, ушқынған!
Қадди-қәўмет, сын-сымбат әне!
Бундай гөззал сениң пуштыңнан
Дөрейме екен,—дейсең—ата-ене!

Питкен оған қандай пешана?
Ол: „Кең бол!"—деп саған нусқайды.
Саўлат пүтин, келбет азада!
Ҳәм көр: өзин қәйтип услайды?!

Етер сени дилбар күл-талқан!
Аяқ илмей кетер зәңгиге!
Муҳаббатсыз бул дүнья жалған!
Муҳаббатта барлық әңгиме!

Дилбар барар: жәўҳар көзлерден
Ғәрезсизлик және, байқалған!
Дилбар сөйлер—„әжеп сөз"—дерсең,
„Сестиңнен!"—деп және айтарсаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҒАР ДӘРЬЯ

Ағар дәрья, әне, шалқыған,
Шалқар теңиз күтер алдынан,
Қушақ ашар пүткил әтирап,
Күн турыпты көктен жадырап,
Узақлықтан көллер булдырар,
Көзимди көрк мениң толғырар!

Кеўлим, шад бол, көтерил, мениң!
Ўақтым, хош бол өте бил, мениң!
Сен қайғышыл болыўды, мудам,
Ақмақлық бил: себеби адам,
Келген менен дүньяға жылап,
Жылаў ушын келмейди бирақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЛҒЫЗ УСЫ КЕҢ ДУНЬЯДА БАР

Жалғыз усы кең дуньяда бар,
Барлық күлки, барлық қызықлар,
Той-тамаша бар онда шадлы,
Саз ҳәм сәўбет, диийдар бар татлы.
Ойнап өскен, туўылған жер бар,
Ҳәм жаслық бар онда, жигер бар,
Онда хош қылықлы нигар бар,
Жаз бар кең дуньяда, бәҳәр бар.
Дүнья гөззал! Таңланып ҳаслан,
Мен ушына шыға алмаспан!
Жақтылық ҳәм жақсылық ҳәм бар,
Әжайып бир қубылыс жатар,
Көрсең ҳәр нәрсениң ҳаслында.
Отлар шығарыўы тастың бар.
Қыял ушын, көкти шарлаған,
Жаҳан галактика арнаған.
Толықсыўлар, таўлар бар асқар.
Кең дүнъяда ай ҳәм қуяш бар.
Ай-дала ҳәм шалқар теңиз бар,
Қулшыныўға қырқ мың негиз бар.
Перзентлериң күтер алдыңнан,
Жүзлери бар ярдың қалғыған,
Таң бозарып жәнe, атқанда,
Жарқынлықтан жанған оттан да,
Артықлығы қуўанылтың бар,
Қыз, нәзик жан, нәзер, ушқын бар.
Дуньа гөззал! Таңланып ҳаслан,
Мең ушына шыға алмаспан!
Жалғыз усы кең дүньяда бар,
Барлық күлки, барлық қызықлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҢЛАРСАҢ БА?

Аңларсаң ба? Мен өзимди бахытлы сезсем.
Танылады жаным көзимнен.
Тасар кеўлим. Көкирегимде сеслер сирескен,
Ҳәм: „Шықсам!"—дер сыртқа ишимнен.

Мен сонлықтан гүңиренип қосық айтарман,
Онда ой жоқ белгили бирақ,
Ол биракта мениң ушын қурғақ ойлардан,
Анағурлым жанажанырақ.

Ҳәм сүйермен жазықлыққа жаснай барғанды,
Кең болар ма буншелли жаҳан?!
Ҳәмде көкирек ҳәм буншама үлкен әрманлы,
Адам келмек болар ма оған?!

Жанға буйтип тәң етер ме мийрим, ҳүжданды?
Жаратылыс бәринен дана!
Өз перзентин баўырына қатты қысқанды
Бунша жақсы көрер ме ана?

Қуп әжеп бул. Мен өзимди бахытлы сезсем,
Танылады жаным көзимнен.
Тасар кеўлим. Көкирегимде сеслер сирескен,
Ҳәм: „Шықсам!"—дер сыртқа ишимнен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘРМАН

Сөз аркалы мен айлансам дермен татлы сеслерге,
Ҳәмде усы тилегимди кабыл сеземен.
Такатым жок, ҳәўлиргеннен жайғаспайман ҳеш жерге,
Мениң ушын сулыўлыкка дүнья безелген.

Ҳәм өзимше ойланарман: сол бир сеслер жаңлайды.
Сол безеле жаспар дүнья мәлҳәм болады,
Ҳәм сол сести хунхар көзли дилбар, бир яр тыңлайды,
Көгисленген далалыкта гүл-гүл доланып.

Мине, сөйтип кыздың жаны татлы сестен козғалды,
Ҳәм көкиректе нәзикликлер әсте ояңды,
Арыў мине руўхланды—аҳ, бул кандай гөззаллык?!
Ҳеш гөззаллык тебрендирмес бүйтип кыялды.

Мен соңынан өз кәддиме келсем дермен кайтадан,
Ҳәм ушкыньп сол арзыўлым өтсе касымнан,
Ҳәмде көрсем сол арыўды, Мәңгиликке жайнаған,
Сол арзыўлым күним болса мениң ашылған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙЛАР

*(Лермонтовтан)*

Бас шайқараман турқын көрип мына заманның,
Караўытар қараңғылық, мақсетсизлик алдыңнан,
Жасты бизиң картайтады ҳәрекетсиз аманлық,
Камсығарлық: нәрсемиз жоқ ислеп қалдырған.
Биз сабақты жастан алдық қәтесинен әкениң,
Ҳеш бимлеймиз жиптиң ушын жойтыў-излеўди,
Биз көрмедик толықсыўдың қандай нәрсе екенин,
Тиришилик даңғыл жолдай жалықтырды бизлерди.
Бузылады жақсы нийет быламықтай суйылып,
Жақсылық не? Жаманлық не?—Бәрине де муздаймы
Биз үлкенге қыйсаңлаймыз. Қум аўызға қыйылып,
Қәўип алдында өзимизди пәслик пенен услаймыз.
Мәселецки, мийўа, мине, кесел таўып сарғайды,
Ол соңлықтан қызғылт тартып қыздырмайды көзинд
Ҳәмде өзин усылай-ақ жер баўырына арнайды;
Болажағы тап усындай адамлардың ҳәзирги.
Билим билдик. Ол ҳәм бизге болмай шықты пайдал
Жаслықтағы ойлап жүрген жақсы мақсет-тилегиң,
Қарап турсаң ақмақлыққа саналады қайдағы,
Ал ышқыға, муҳаббатқа жыртылғанша күледи,
Ҳәм әрман да зат бермеди алда қолын былғаған.
Жигеримиз қумлар болып, күннен бурын шаршадық,
Жилўа яңлы гейбир ҳаял келистире алмаған,
Ойын-күлкиң қызықтырмай аяңышың артады.
Искусство ҳәмде мына поэзия дегенлер,
Бизиң ҳасла жанымызға қозғаў салмайды,
Жағдай саған күн көргенниң күни артық екен дер,
Хош сезимлер жанды сөйтип, жылжытпай-ақ алдайды
Қарсыласып яки жақлап бас қатырып жүрмеймиз,
Себепсиз-ақ биз дос яки душпан бола баслаймыз,
Көзди бизлер толтырыўға өзимизди үрлеймиз,
Үлкен тема әңгимесин жорта қозғаймыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күлдиреди аталардың майбыламық ермеги,
Ҳәм олардың тасыр-тасыр бузықлығы, биийқайғы.
Бахытсыз-ақ, абырайсыз-ақ, гөрге, қара жердеги,
Асығамыз артымызға аўзымызды қыйсайтып.
Усылай-ақ ырыл-тырыл өмир сөйтип өтеди,
Ерлик қусеп көкирек бизиң биийқар шөллейди,
Ақыр-соңы ялғаншыдан гиркирени көтерип,
Биз кетемиз топарласып—қолдан нәрсе келмейди.
Мазмунсыз өмир өтер көрген түстей мысалы,
Биз өшемиз жанбасак та оттай болып жарқырап,
Ҳәм пәнтленген әўлад қарар күлки менен ызалы,
Ларқылдасып өтип кеткен ата артынан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕВРЕЙ МЕЛОДИЯСЫ[1]

*(Байроннан)*

Көкирегимде дәрт бар мениң. Ол қыйнап тур қайтадан,
Ал, қолыңа арфанды[2], достым,
Шерттши, сөйтип, саўсақларың, тар үстинде ойнаған,
Оятсыншы жәннеттиң сестин.

Үмит оты жылтырап бир жақтыртсыншы алдымды,
Егер әбден өшпеген болса.
Қайғы егер көзлеримде жас қалдырса қалғынды,
Жибисип бир ақсыншы ол да.

Сен тек муңлы намаларға шал, сазенде, себеби,
Шамам жоқ хеш шад болып күлерге,
Мен саған айтып турман: мениң еңирегим келеди.
Мен исинип яки өлермен.

Мениң мына көкирегим сонша узақ езилди,
Ҳәмде үнсиз сарсылды узақ,
Күним питти... Туркым, мине, қорқытарлық ҳәзирги,
Зәҳәр толы ыдысқа қусап.

---

[1] М. Ю. Лермонтовтың Джордж Гордон Байроннан аўдармасы.
[2] Арфа—саз әспабы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕГЕР БИР КҮЛИП ҚАРАСА СОЛ ШЫРАЗ ҚАЛАСЫНЫҢ ЖАНАНЫ

*(Ҳапыздан)*

Егер бир күлип қараса сол Шыраз қаласының
жананы,
Мен жолына кешер едим Самарқанд ҳәм Бухараны.

Мусалла бағындай бағды таўып болмас жәннеттен ҳәм,
Ол жерде Рукнабад ақпас шад әйлеп мен бийшараны.

Олжа алып қашқан түрктей сабыр-парахатым қашар,
Яр жүрекке жара салды, тыйылмас бағрымның қаны.

Ашқын көтерип аспанға ол гөззалды ардақладым,
Көрк қосар ма қызыл гүлге узақшаның сайрағаны?!

Уялшақлық пердесин жулып алды ышқы ләрти,
Юсуптиң гөззаллығы бийҳуш етип Зулайханы.

Зәҳәрдур ярдың тили—кеширер оны бир алла,
Мазалы әўиштен шыққан ашшы сөз—пал, билгил аны.

Жаным, нәсийҳатым есит, көңил қойғыл дос сөзине,
Бир ғәрипке көңил қоймақ ақылылықтың ол нышаны.

Шарап иш, ойын-заўық қур, мәнис излеме өмирден,
Мәнисти излемекликтиң өзи гәп болар биймәни.

Ҳапыз, бир тәкаббыр ярдан реҳим күткен болсаң егер
Оған көктен шоқ жулдызды жулып алып бер, кәне?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘРТИМЕ ДӘРМАН НӘРСЕ ШАРАПДУР, ГӨЗЗАЛ ЖАНАНДУР

*(Ҳапыздан)*

Дәртиме дәрман нәрсе шарапдур, гөззал жанандур,
Жанан уллы патшалыкдур, ол өзге уллы жәҳандур.

Маған айшы-әширетти ҳәм бәзимди баян етпе,
Айшы-әширет артыклығы маған бурыннан баяндур.

Мактайды арақ-шарапты мәскүнемлер, бул ҳәм әжеп
Бирақ, сәрўи бойлы ярсыз, онда мәнис жоқ, тамамдур.

Сазенде саз шертеди түрли муқамға дөндирип,
Көзлерим саған телмирер, бирақ көңлимде ғамдур.

Турысың салтанатдур, яр, турысың гирдикардур,
Шашларың булттай кара, касларың кәмамдур.

Кант пенен шийрин-шекер әзиз жанға татлы болса,
Ләблериң кантдек татлы, ол дилбар, маған аяндур.

Көкирегимде мәңгиликке умытылмас туркың турар,
Сүлдерим—карабакана—сүўретиңе мәкандур.

Исмимди рәсўә әйлеп, душпанларым сөз қылмасын,
Ашықлыққа мысқыл етип күлмеклик тәнҳа зыяндур.

Әй, мәскүнем, күлме бизге, „журтқа аўара болдың“
деп.
Дүньяның өзи аўара ҳәм ол және бийпаяндур.

Шәрияттың жолын тутқан муктәсип ҳәм шеп
көрмейди,
Айшы-әширет, тамашаны. Заман тамаша замандур.

Ашық-машықлы өмир бул бастан аяқ байрам екен,
Бирақ Ҳапыз ғам шегерлер, Ҳапыздики әрмандур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЙҮЗИҢДЕЙ ЖАРҚЫН АЙ ХАСЛА АСПАНДА ҲӘМ ЙОҚ

*(Ҳапыздан)*

Йүзиңдей жарқын ай ҳасла аспанда ҳәм йоқ,
Қәддиңдей сәрўи бағы-бостанда ҳәм йоқ.

Мен бир мөҳмин бенде, жығылдым аяғыңа,
Сендеги ирeҳимсизлик душпанда ҳәм йоқ.

Шамшырағым—көз азығы, өз алдыңа гөззаллық аң,
Ҳеш мүлтик жанда ҳәм йоқ, тәнде ҳәм йоқ,

Ләззет излер Ҳафыздың сөзинен журт,
Ләбиңдей татлылық ҳасла онда ҳәм йоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАСЛАР ЖАҚСЫ СӨЗЛЕРДИ БАСЫҢНАН ҮЙИП ОЛ НИГАР

*(Наўайыдан)*

Таслар жақсы сөзлерди басыңнан үйип ол нигар,
Сөйтип өртейди қаракөз көзлери күйик ол нигар.

Сөзлери өп-өтирик ҳәм күлер өтиригине,
Сөзи жалған және өзи соншелли суйық ол нигар.

Және айралық ҳаққында жазатайым сөз айтсам мен,
Атар үстиме барлығын батпақтың жыйып ол нигар.

Оның қәдди-бойын көрип Қысраў қорыққан. Сен ҳ
саклан,
Сондай қәўипли аўзы қайшы, тиллери тыйық ол ниг

Қала бердим жалғыз рет көз қарасына зар болып,
Өтер кеўлимди қалдырып, зейниме тийип, ол нигар.

Тәрийп еттим ол нигардың гөззаллығын. Бир дүньяд
Қойыны жайыў-жәннет, батар тұңғыйық ол нигар.

Әй, Наўайы, тарт көзиңди. Әй, қудай, тил-суқтан
сақла,
Отыз мың қулпы деңип, өтер зер кийип ол нигар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАҒАН НАБЫТ, ЖОҚ БОЛЫЎ ТУР ЯРДЫ БИР СААТ КӨРМЕСЕМ

*(Наўайыдан)*

Маған набыт, жоқ болыў тур, ярды бир саат
көрмесем,
Мен неге болдырмайын, өмиримше бир тәҳәт
көрмесем?

Йүз мың оқ жаныма тийер. Йүз мың рет аҳ
шегермен,
Қәйтейин, ярдан рәҳим, жақсылықтан зат көрмесем?

Жан—қалтырар қус қәпесте. Көз жас төкпеске
болар ма?
Ярдың маған бағыш етер ақ йүзин рәҳәт көрмесем?

Қара шашлары төгилер, мениң қабырғам сөгилер,
Қәйтейин, ҳеш гөззаллықты мен оннан зыят көрмесем?

Ярға ушыраспай қоймайман. Бас ураман аяғына,
Беглик жойтып қор болғанды, қайтейин, уят
көрмесем?

Әй, Наўайы, өлим абзал, бунша айралық дағында.
Көзден йүз мың күн жас төгип, бир күн болып шад
көрмесең!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЯР ӨТЕР, ҚАРАРМАН ТӨМЕН. СУЎСТЫ ГӨЗЗАЛДЫҢ БАСЫМДУР

*(Наўайыдан)*

Яр етер, карарман төмен. Суўсты гөззалдың
басымдур,
Ол ғәрезсиз. Мен сорлының жоқшылығым
муддасылдур.

Яр ләби лал. Ол ләб пенен шарап ишпес, каным
ишер.
Толықсыр ийниң толтырып, цигар, шашындур,
шашындур.

Яр ағзы оймақдур мысал. Нәзери шыршадур тынық,
Сен сулыўлықтың султаны. Мәгәр ата-енең ҳасылдур.

Бирақ адамгершилик сенде йоқ. Оны гөззаллық жеп
қойған,
Сен деген яқшы нийетим, набыт болған ықласым-дур.

Әй, муҳаббат, дер Наўайы, сени жырлап, бул кең
дүнья,
Ҳәм бенде жеткен мәртебе сениң кийгизген тажыңдур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ХОШ ҚЫЛЫҚ ҲӘМ ОЙНАҚЫЛЫҚ, ЕРКЕЛИК ТӘН ГӨЗЗАЛ ЯРҒА

*(Наўайыдан)*

Хош қылық ҳәм ойнақылық, еркелик тән гөззал ярға,
Усы үш ҳәйкел жуўдырлап, берерлер сән, гөззал,
ярға.

Өтти назелим қасымнан бир сөз бенен бенде қылып,
Сөз айтпақ қандай жарасар илме-султан, гөззал ярға.

Жилўа менен гөззаллық бирге жасар. Мүмкин емес
Мениң бермей қалыўым бул жерде жан, гөззал ярға.

Яр, йүз мәрте бәлеге шат. йүз мәрте алғыс айтаман,
Ийнениң көзиндей артса болар баҳам, гөззал ярға.

Ол яр ушын мен тайынман өзимди қурбан етиўге.
Бирақ күлкили көринер төккениң қан, гөззал ярға.

Әй, Наўайы, үмитиң үз. Жулдыздур нигар көктеги,
Ҳәмдам болар имканы йоқ енди саған, гөззал ярға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙ ЖУЗЛИМ, АЛЛАҢ ЯРАТТЫ СЕНИ СОНДАЙ ГӘЗЗАЛ ҚЫЛЫП

*(Наўайыдан)*

Ай жүзлим, аллаң яратты сени сондай гөззал қылып
Жүреклердиң қырғыйы, ғәрип жанға тәжжал қылып.

Гөззал яр, ышқы дағында зар әйлермен, айып қойма
Мен ушын қудай яратқан зар қағыўды абзал қылып.

Ўа-а-ах, зар қақпай мен нәйлейин, ол ярды басынан аяқ,
Тырнақтың ушына шейин аллаң яратса пал қылып.

Ол ярға бахыт тилермен. Бирақ ол мени яндырар,
Мени өртеп жибериўди ол яр турар қыял қылып.

Наўайы ол нигар деп өзин жойтты, ўах, нәйлейин!
Ақыл хуўшымды аларлар мениң ол нигар лал қылып



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕРТЕРЕКТЕ

Ертеректе жақсы адам болып журттың көзине
Көриниўдиң жолын гөзледим,
Ҳәм көриндим жақсы болып, уқсамайман өзиме,
Минез-қулқын алдым өзгениң.

Демек, өттим бәлентирек бөтен тулға ишине,
Ҳәм көшеде жүрип барарман.
Ҳәмде кишипейилсирмен: ким көринген кисиге,
Ыржаңлайман, күлип қарарман.

Бирақта мен өз тулғамнан безиў менен өзимниң,
„Тулғам мениң пәс еди" деген,
Түсиникти журтқа айтып турғанымды түсиндим,
„Ҳаслым яман еди!"—деппен, мен!

Мен соңлықтан қайтып келдим, қыздай болып изиме,
Паян таппай жүрген ҳеш жерден.
Соннан берли жақсы болып көриниўди кисиге,
Күлким келип әбден еслермен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИНЕ, ҲӘМЕЛ АЛДЫ ЖАҒЫМПАЗ

Мине, ҳәмел алды жағымпаз!
Ҳәмел алды, мине, дасмалкеш!
Дасмалкешлик етип ҳәмелдар
Болған басшы әдил болмас ҳеш.

Жақынына бурар ол енди,
Ишинде болар оның аласы,
Сени алтын болсаң ҳәм ол көрмес,
Баҳаламас ийттиң баласы.

Енди оған жағын ҳәм қорлан,
Болмаса үз якшылықтан төменди.
Өйткени ол қорланып алды,
Басқалардан өзи ҳәмелди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚМАҚЛЫҚТЫ ЖЫРЛАЎ

*(Биринши қосық)*

*(„Ақмақлықты жырлаў" пьесасынан)*

„Ойшыл, жақсы жигит билимпаз келер,
Ақылсыздың қәсийети аз келер"
Ол оңбағыр өз мәпине саз келер,
„Ақмақ адам хызмет етпес халық ушын".

Акмақлардын ләпси яман болады,
Ҳәмелден айрылса тамам болады,
Үлкен ойдың және үлкен мақсеттиң,
Ақылы келте анламайды аңғысын,
Ақылы келте тынламайды тыңғысын.

Ақмақта уят жоқ, ноқта болмайды,
Ақмаққа тәуелле, тоқта болмайды,
Ақылы келте калыс етпес хызметти,
Хызмет етер қара бастың данқы ушын.

Нақыраты:

„Акмақ адам хызмет етпес халық ушын",
Ақылсызда болмас үлкен идея.
Ол нәрсениң аңламайды аңғысын,
Журт сыяқлы хызмет еткен ўақта да,
Хызмет етер қара бастың данқы ушын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚМАҚЛЫҚТЫ ЖЫРЛАЎ

(*Екинши қосық*)

(*„Ақмақлықты жырлаў" пьесасынан*)

„Ақылсыздың қәсийети аз келер."
Ол оңбағыр өз мәпине саз келер,
*Өзинен әззини қорлар ақылсыз,*
Өзинен күшлиге жағымпаз келер.

Ақ көкирек болагөрмең баладай,
Ақ көкиректи ертелеп минер жалатай.
Ҳәмел берип жүрмең ақылы келтеге,
Ақылы келте ел басқарар шалағай.

Бул дүньяда ләпси деген оқпан бар,
Сол гөр яман, соған барып соқпанлар.
Ақыл айтып дүзеў қыйын яманды,
Тоқтамайды деген менен: „Тоқтаңлар!"

Бәринен де әдил закон уллыдур,
Ол бос болса, уры-гәззап пуллыдур,
Ол бос болса, хотқа кетер яманлар,
Ол бос болса, яқшы адам сорлыдур.

Ақмақта уят жоқ, ноқта болмайды.
Ол өзиниң жақынларын қоллайды,
Ақылсызда болмас үлкен мәселе,
Усының дәртинен қобыз толғайды,
Ақмақтың дәртинен қобыз толғайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОЛ НӘРСЕГЕ МАҚТАНЫШЛЫМАН

Сол нәрсеге мақтанышлыман,
Сол нәрсеге етпеймен гүман,
Яманлықты ислер ладанлар.
Лев Толстой ырас айтады.
„Аса ақыллы данышпан адамлар,
Әдилсизлик ислей алмайды",—
Деп Толстой ырас айтады,
Яманлықты қудай ғарғайды.
Соған көзим жетти өзимниң:
Ақылы бар ҳүжданлы, ақылы бар арлы.
Дүньядағы барлық жаманлықларды
Ақылы келте адамлардың мен
Ислеп жүргенлигин түсиндим.
Жаўыз болар адам ақылы кемликтен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УРЫС АҚЫБЕТИ

### I

Ол гезлери мениң кишкентай
Ўақтым еди. Бизлер ҳеш қандай,
Муңайыўды билмедик ҳаслан.
Бизиң ана аўыл жайласқан,
Жердиң түслик-күн шығар бети
Шеңгеллик ҳәм жыңғыллық еди.
Көллик еди қубла тәрепи,
Батысында өзек бар еди,
Арғы жағы таўдың етеги,
Усы жерден арман кетеди.
Бәҳәринде түрли шөп өсер,
Көзге көрк ҳәм көркемлик түсер.
Жанға сөйтип ләззет береди,
Сол жерлерде желкилдер еди,
Ойын қуўған бизиң балалық.
Үйде маған аға аларып
Қараған жоқ, қыз апам болса,
Тек жақсы сөз сөйлейди ол да.
Туўысқаным, жүзимнен қушқан,
Мен дегенде шарықлап ушқан,
Әсиресе анамды айтың!
Ол бәрқулла қушағын жайды,
Оның сөзин тыңлап көрсеңиз,
Суңқар да биз, қаршыға да биз,
Усылайша күн күлди маған,
Ел тынышлық, от басы аман.

### II

Салтанатын, саўлатын үйдиң.
Мен—ғамхорым, әкемди сүйдим,
Ол жүрген жер, ол услаған зат,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәсир етер маған ҳақыйқат.
Ҳәм елеслер аўыл әтирапы:
Сол кәдимги колхоздың жабы,
Өтер еди күн шығар жақтан,
Жазы менен тырылдап аққан,
Есимде бар сол тарнаў еле.
Дөгерегин оның, ҳаў, еле,
Жатар еди пахталық алып,
Кеште белин ийнине салып,
Ол бәркулла жумыс бетинен,
Үйге қайтып келер еди. Мен
Шапшыр едим бойына жерден,
Бир нәрсени күткендей ертең.

III

Маған оны көргендей артық,
Урыс алды қолымнан тартып.
Урыс қуртты мениң пусымды.
Орнына жетимлик усынды.
Бузылды сөйтип ханамыз пүтин,
Ол келер деп болды үмитим,
Оның бойын, оның жүзлерин,
Узақ жойтып, узақ изледим,
Адамлардың ишинен. Аты
Ҳәм меҳрине мениң қанбады,
Ашырқаған иши-баўырым.
„Бундай болып ҳеш бир аўырыў,
Сарғайта алмас“—деппен жүзимди.
Сонлықтан ба, жаным түсинди,
„Дийдар“ деген сөздиң баҳасын;
Жетилерге жетпей-ақ жасым.
Ҳәм: „Бар ўақта сениң алдында,
Ата-енеңниң зейнин қалдырма,
Ҳүрметлей көр, бәрха“ дегенди,
Көп еситтим. Бирақ әкемди,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәдирлеўге мүмкин болмады.
Ҳәм оның да ғамхор қоллары,
Жеткермеди, биз ушын узақ,
Көкке сиңген жулдызға қусап.

## IV

Мен умыта алмадым бирақ,
Үмит оты жанды жылтырап,
Талай рет оның түсимде
Келгенлерин көрдим. Жүзинде,
Муңайғанлық сезилер гейде,
Отырады, тамақ та жейди,
Ҳәм айтады көрген-билгенин,
Көз алдыма ҳәтте күлгенин,
Келтиремен ҳәзир де толық,
Ҳәм таң атса өтирик болып,
Шықты булар. Бир күни және:
„Әкең келди! Әнекей, әне!"—
Деп көрсетти аппақ сақаллы,
Ғарры маған. Көзимниң алды,
Отлар яңлы жайнады мениң.
Түстиң қандай гөззал екенин,
Түсиндирип боларма адам!
Ҳеш болыўы мүмкин болмаған
Нәрсе мүмкин болады: қыстың
Күни екен, төрт-бес жулдыздың
Бәри бирдей төбемде жанған,
Жай иши ҳәм жаңа нурланған,
Әлле нени маған еслеткен
Мен өзимди өзим сезбеппен.
Әкем келди үйге айланып,
Ўақ, әкесин тез зорға танып,
„Сол ғой! Сол ғой!"—деп турып, анық
Соллығына шала инанып,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қушақлаўдай қымбатлы нәрсең,
Аз екен я жоқ екен дерсең!

## V

Мен орнымнан жуўырып оған,
Деппен бирден: „Ҳаў! Ағам! Ағам!"
Әсте ақырын ол өтти төрге:
Шәм-шырағым--көзлерим көрди.
Шықпадым мен оның жанынан,
Жан шарыклап қуўанғанынан,
Жаз жайнады мениң айналам,
Ҳәм бетине оның кайтадан,
Караганнан татлы зат ҳасла,
Болған емес. Мен: „Ҳәтте тасқа
Ғлжиремек гейде бар шығар,
Ҳәм олар да интизар шығар",
Деп ойлаппан, бири бирине,
Инкар яңлы тири тириге,
Зары-гирян болып қосылған,
Қушақ болды дүнья ашылған.
Ўақ, четерсең: күлимсиреген,
Көзлери үйи-жайын тилеген,
Әкемниң сол әбден ҳарыған,
Ҳәмде азғын шырайларынан,
Мен өзиме бахыт изледим.
Әсиресе оның сеслерин:
„Ҳаў, шырағым, перзентим!"—деген,
Мен қақшыдым ашкөзлик пенен,
Ҳәм қасында: „Мине—деп,—ағам!"
Несип етти мақтаныў маған,
Сөйтип бәрин бахыттың дерлик,
Маған текте жақынлық берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VI

Созылмады бул бирақ узақ,
Жуттырмаған уўызға қусап.
Жас шаршатқан, бирақ жайдары,
Әке турқы, әке дийдары,
Биййкар сорды отын көзимниң,
Жиплер болды жетип үзилген,
Бир нәрседен жаным сезикти.
Жалт қарасам сөйтип есикке,
Аяғының ушына әкем,
Қашшан минип турыпты екен.
Сонда мениң, минекей, мына,
Жаман пикир мына басыма,
Келгенликтен: „Япырмай, мениң,
Бул ҳәм ырас түсим бе!"—дедим.
Гүманланып ҳәтте түсимде,
Ҳәм жинлидей үйдиң ишинде:
„Қайтып кетер және кейин"—деп,
„Енди услап, жибермейин"—деп,
Абайсызда турған гезинде,
Мен атыппан оған өзимди.
Көрсем уйқым шайдай ашылып,
Дастығыма беккем асылып,
Жатқанымды жабысып, сездим,
Бас ушымда жоқ ҳеш ким.

## VII

Көргеним сол! Қараңлар байқап:
Шалшық суўдан айды услайжақ,
Ақмақ мегзес болмай ма маған?
Ўәжсиз питти усылайша намам!
Ҳаўлығыппан мен өз сестимнен.
Тек болғаны, диземде диңкем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳеш қалмапты—не болды кейин?
*Тута алмадым ҳәгте ҳүрейди!*

## VIII

Бирақ, бәри, шарaң не, эсте
Умыт бола береди. Көзге
Ең болмаса усылай болып,
*Көринийи итимал. Толық*
Умытпақлық жоқ шығар деймен.
Себеби көр: күйген жер—күйген,
Ҳеш күйик жоқ тыртықсыз питкен.
Бирақ гейде жақсылық еткен,
Адамларды дусла тырасаң.
Ел, шаңарақ, дос бар, қарасаң.
Күн бар, мына, күлимлер қаққан!
Суў ишиў бар салқын булақтан.
Жанлы мақлуқ жаны алқымнан,
Шықпағанша алға талпынған.
Жер ҳәм бар ғой мына жатырған!
Ўатан бар ғой бизде, қәдирдән!
Усыларды еке түсирсем,
Қуўаныш шашырар мениң жүзимнен,
Жақсылықтан болар үмитим,
Қәпелимде баўыры пүтин,
Боламан да кетемен әбден.
Ҳәм кең дүнья өзи әдептен,
Кеңейгендей болар қайтадан,
Ҳәм ол: „Жадырап жүр!"—дейди маған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# В. И. ЛЕНИН, ДИЙХАН ҲӘМ БИР ЖУП ЕТИК ҲАҚҚЫНДА БАЛЛАДА

*(Егише Чаренцтен)*

## I

Ол жақтан ҳәм душпан
Анталасып тур,
Бул жақтан ҳәм душпан
Анталасып тур,
Қорғайды Қызыллар
Жас совет елин,
Ол елдиң жүреги
Кремль,
Ленин.
Фронттағы барлық
Аўҳал ҳаққында,
Хабарлар оқтан тез
Жетер ўақтында,
Бүгин ҳәм,
Ертең ҳәм,
Қай ўақ көр,
Күнде,
Ленин бәрҳә отыр
Жумыс үстинде.
Ленин
Хат жазады,
Ленин
Сөйлейди,
Ленин
Буйырады,
Ленин
Ойлайды.
Тәбияттың берген
Ең уллы сыйы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул Лениннип ерки,
Лениннип мыйы.
Дүньядағы ен бир
Жазык маплайлы,
Ленин
Бэрин көрип,
Бэрин аплайды.
Жаў киятыр,
Қарсы турыў, —
Бул керек.
Қайта Армияны
Курыў —
Бул керек.
Халыкты оятыў —
Бул керек бизге,
Ҳэм тукымды саклаў
Керек егиске,
Китап,
Журнал шығар,
Дүкан аш! —
Керек.
Совет елине де
билимпаз керек.
От жаққыш ҳэм оқып
билимлер алсын,
Ол ҳэм журттай адам —
елди баскарсын,
Бэри,
бэри керек,
Ал ўакыт жаман.
Себеби тум-тустан
душпан коршаған.

2

Келип тур фронттан,
Хабар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыпбастап,
Оған жуўап қайтар
ўақыт жоқ, ҳаслан.
Бирақ есик бетте
шаўқым улғайды.
Биреў тәўеллеге
нәрсе турмай тур.
Секретарьға, сыртта
(өжет ғой) дийхан,
„Ишке киремен!“ — деп
салып тур қыйқаң.
„Жақ, Лениниң ҳасла
ўақты жоқ, ҳәзир!“ —
Деген сөзиң оған
етпейди тәсир.
Ленин сыртқа шығып,
әстен
қараса,
Бир дийхан тур
сондай
өжет.
Тамаша!
Сирә, айтқан гәпке
Түсинсе кешке.
— „Мен киремен! — дейди —
болғаны,
ишке“.
— Бул не шаўқым еди?
Қойыңларшы,
ҳаў!
— „Ә-әй гәпиң бар болсын
не дейди мынаў“?!
Ол дийхан екенмиш,
бизге қайдағы
„Етик“ — дей ме
Бир нәрсени айтады!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жибермес аўызда
ишке секретарь,
Дийхан: — „Жибер, — дейди, —
бир жумысым бар!!“
Дийхан өжет,
ҳеш түсинбес
гәпиңе,
(„Секретарың ким ол?“)
ишке дәпинер.
Сөйтип, дуньядағы
ең әдил басшы,
Владимир Ильич
есикти ашты.
Дийхан ишке кирди,
— „Аўа,
ашнамыз,
Аўҳалыңыз қалай?
Айта баслаңыз,“
„—Мен Сибирден келдим!“
„—Не жумыс пенен?“
„— Делегатпан,
аўыл
сайлап жиберген.
Балам әскерликте“.
„ — Жериң бар ма?“
„ — Бар“.
„ — Гүнде,
қос өгизиң сениң бар ма?“
„ — Бар“.
„ — Онда не жумыс?“ — деп,
Ленин тыңлайды.
„ — Мен бир сораў менен...“
„ — Не сораў?
айтың...“
Бул не сораў еди,
қулақ салың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳаў!
Гәпине болайын,
не дейди, мынаў?
Ол етиксиз жүрмиш,
соған колайлы,
Ол өзине бир жуп
етик сорайды.
Владимир Ильич
оның сөзине,
Әсте күлип қояр
жорта
көзинен,
Ҳәм қолына алып
Бир бет қағазды,
Тийисли жерине
Былай хат жазды:
„...Дәрриў бир жуп етик
берип жиберин,
Бул барған дийханға."
(Қол қойған: Ленин.)
Дийханның ўақты хош —
етик жанартты,
Енди иркилер ме? —
Елге жол тартты.

3

Бәри,
бәри керек,
Ал ўақыт жаман,
Себеби, тум-тустан
душпан қоршаған.
Фронттан избе-из
хабар келип тур,
Жүзинши,
мыңыншы сапар келип тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгин ҳәм,
ертең ҳәм,
Қай ўақ көр,
Күнде,
Ленин бәрҳа отыр,
жумыс үстинде.
Ойлар ойы терең
Уллы Лениннниң,
Ҳәм масштабы кең
Уллы Лениннниң.
Ал бул дийханға тек
Бир етик керек,
Ол тек соның ушын
Ленинге барды,
Лениннниң бир талай
ўақытын ол алды,
Билмеди Ленинди
иркиў дегенниң,
Адамзатты жолдан
иркиў екенин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЙҚАБАҚ

Ертеде бир адам
Биреўге буркып: — "Әй, жорам;
Мен жасымда — дей берипти — ер едим.
Сонлықтан не жерлерди көрмедим,
Нени кеширмедим бастан,
Ҳәттеки жердиң шетинде жайласқан,
Үргенишке барып келгенмен!"
Сонда жолдасы оған; —
„Сен мақтанып отырсаң соған,
Алысқа бармапсаң — депти — сен меннен,
Өзин де ўарсақы екенсең басың айланған,
Сен онша „көпти көрдим" деп сала берме айбарақк
Үргенишке барып келди түйениң жамбасына байланға
Бизиң кемпир пақырдан қалған майқабақ та!"



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚСАР ҲӘМ ҚАҢБАҚ

Бир күни түс ўақта
Қаңбақ жумалап келип Ақсарға:
—„Сен — деди — кете алмай ҳеш жаққа,
Жатырсаң жылжымастан,
Ал мен бармаған сирә жер бар ма?
Маған пүткил дүнья бостан".
—„Дурыс — деди Ақсар Қаңбаққа —
Сен бостанлықта,
Бирақ та
Жумалап жүрсең ыққа".



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АСҚАБАҚ ҲӘМ СЕКЕРПАРА

Бултқа усаған қап-қара,
Пәлектиң астында Секерпара,
Таң ағара баслаған ўақта,
Былай деди Асқабаққа:
— Эй, Асеке, екеўимиз жасаймыз бир палызда.
Бирақ, кеширмени, қарағанда маңызға,
Аспан менен жер шелли парқ арамызда.
— Ол қандай парқ? — деди Асқабақ — Айтсаңызда?
Мине, сөйтип, Секерпара былай деди Асқабаққа,
Түр билдирип азырақ күлген:
— Туўры, сениң геўдең үлкен,
Сен ҳәм мендей жемиссең. Оны ҳәмме билемиз,
Бирақ мазаң менен кемис.
Ҳәм сени адам жемейди, писип түспесең табаққа,
Сол жерине келер азырақ арым.
Ал мени алмастырып болмайды палға, қантқа, набатқа,
Сол себептен көп болады мениң бәрҳә қардарым!
Гейде қарайман деп келгенлер маған,
Ҳәтте сүрүнеди аңсызда саған!
Секерпара сөзин тамамлаған ўақта,
Шық астында қақ айырылды еки жаққа.

Қайсындай артықмашлыққа ийе болсаң да арада,
Өзиңди айрықша санама.
Сөйтип айналып жүрме аўараға,
Усап, тымсалдағы Секерпараға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӨЗ ҲӘМ ИС

Бир күни „Дамбалкеткен"ге,
Ғаррылар менен бардым мен де.
„Минезиң болса жатык,
Болады ишкениң катык".
„Өзиң жақсы балсаң
Кисиниң жутып баратырғанын аласаң,"
Деп нәсийҳат береди нақыллар,
Нақылларда акыл бар.
Нақыллар дуп-дуўры ойлап қарасам,
Мен көптиң ишинде жасы кишимен,
Суўда ылай тасыйман журттай өңирге салып,
Түсте отжаққышлыққа тайынман көптиң ишинен,
От жағаман қолға балта, кесеў алып.
Гей ўақлары ат бақтым,
Гә үзген көк ешектиң изинен шаптым.
Жасы үлкенлер шай ишеди, терлейди,
Пыснап, қостың көлеңкесин бермейди.
Олар малдасы менен енлейди,
Ислер нақылларға сәйкес келмейди.

---

Бизиң сөзимиз туўры. Бирақ исимиз бурық,
Биз оны айтып, буны ислеймиз.
Биз аўызға қасықты суғып турып,
Гөшти тислеймиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮЛКИ ҚУЙРЫҒЫ

Аса ақыллы тоқ болмас — шеккени әпқан болады.
Билимли аңгедек болады, Билимсиз шаққан болады.
Адам алдаўын көргенде әлҳәббийа дерсең ладанның.
Жыға билмес әззиниң, шаба билмес шабанның,
Тәсил қуралы мол болады.
Оның табысқа ерисиўдеги,
Сырымбетиниң өзи ҳәм сол болады.

---

Шамасы Түлки тийген қусаған Арысланның зейнине,
Түлки қашты, Арыслан: "Ҳап!" — деп түсти кейнине,
Арысланға кесент етти путалық,
Түлки қашты өлим қәўпинен пәт алып,
Табаны тастан болғанда тоғайды кетер еди от алып,
Қашты ҳәр ҳөнерге салып,
Сай қуўалап, пута айналып,
Минут сайын жол алмаслап,
Не көп?
Түлкиде ҳийле көп:
Гә оңға, гә солға қуйрық таслап.
Мине, сөйтип зордан өлим қәўпинен уллы
Түлки қутылды.
Бирақта,
Ушыратып қаласаң түрли мақлуқты:
Күтпегенде Түлкиниң Ешек алдынан шықты,
Ол отлап жүр екен былайырақта.
Сонда Ешек Түлкиге жақын келип,
Былай сөйлей баслады ақыл берип:
— Сен қутылып кетер едиң Арысланнан әлле-қашан-ақ,
Аўырлық етип қуйрығың, болмағанда машақат,
Кеўилиңе алма бирақ ҳеш қандай,
Өйткени сен ҳайўансаң өзиң жүдә кишкентай,
Қуйрығың бирақта өрески үлкен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол нәрсени бил!
Болғак болар еди сен ушын жеңил,
Куйрығың егер болғанда өзиңе қолай, шағынлаў!
(Бәрлык ўақта басына ис түспеген ақыллы-аў!)
Түлки түр билдирди Ешекке күлген,
Сонда түлки Ешекке: — Бар — деди — жайыңа арман!
Сен кой — деди — гәпти болмайтуғын ҳеш.
Өйткени жүйриклик емес,
Куйрығымның үлкенлиги мени әжелден куткарған!

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КОРАЗ ҲӘМ ПЫШЫҚ

Турған екен бир Кораз шыррыйып қора түбинде,
Ол Коразға Пышык келип жолықты,
Ҳәм мынандай әңгимелер болыпты:
— Бир түрли ғо, Кораз-мырза, шыррыйып, мына
турысың?!
Не себептен кеўлиң бунша көтериңки, бүгин? — деп,
Кораздан жортаға сорапты Пышық,
Коразға билдирмей, көзин Ийтке қысып.
Былай депти сонда ол Кораз байғус:
— Өйткени мен ҳәм куспан! Бахытлыман бул ушын!
Меннен артық қай қус?
Белгилери бар ғой мине, менде қуслардың барлық!
Менде бар
Еки қанат, сулыў қуйрық, дөнип турған пәр!
Бүркит деген ана бир қус барлық қуска төре ғой.
Сен өзиң-ақ салыстырып көре ғой.
Сол Бүркиттиң меннен қай жери артық?!
— Сен қой! — депти сонда Коразға Пышық —
Сен нетейин деп едиң Бүркит пенен жарысып?
Жүкти алма өйтип өзиңе үлкен,
Саған болмақ қайда Бүркит!
Сен паспанда мақлуқсаң жүрген,
Тумсығын қыйға басып, қыяққа сүртип!
Сениң „Куспан“ — дегениңе инанғандай бенде жоқ,
Ҳеш қандай қустың белгиси сенде жоқ.
Қус болғанның бәри, әне, ушып жүр ғой аспанда,
Мен бир сениң ушқаныңды көрмедим ғо, паспанда?!

---

Нәсийҳат: еки аяқты документ етип қолланбаң!
„Адамман!“ — деп мақтанбаңлар еки аяқлы болғанға!
Адам болыў аўыр нәрсе. Бас-аяғы кән адамның,
Артыўына жәрдем етпес онша көп сыртқы көринис.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамгершилик баҳасының.
Бир адам бар, қунына
Алпыс батпан алтын берсең аз!
Және екинши биреў бар — бес тыйынға арзымас!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҒАРРЫ ҲӘМ ЖАРЛЫ

Ешекке маржан тағыў аңсат.
Жерге кийиз-казык қағыў аңсат.
Бирақ мыйға жаңа пикир айтып киргизиў қыйын.
Дүньяда яман болады билимсиз бенен көргенсиз.
Олар: „Ҳәргиз ақыл айтпа — дейди — маған,"
Билмейди ҳәм билгенниң тилин алмайды оңбаған.
„Мен нанымды таўып жеп журмен — дейди — сенсиз,"
„Бершимек" — деп есаплай бер адамның мыйын.

---

Аңызларда қарақалпақлар жүдә сада болады депти,
Олар ол ўақта быламык ишип, зағара жепти.
Мине садалық етип ертеде бир ғарры,
Ешектиң бир жағына дән,
(Ол заманда ақмақлық буннан гөри нәҳән.)
Тең болсын деп ешектиң екинши жағына топырақ артыпты,
Сөйтип базарға жол тартыпты.
Бирақ,
Алмасып жүреди күн менен түн, қара менен ақ.
Сол себептен әйне сәске ўақтында,
Шайтанның қашқан шақтында,
Ол ешектиң жүги аўырлық етип
Жолда жатып қалыпты,
Әне, жолың болмаса усындай болады деп,
Ғарры тәғдирге налыпты.
Әне, усы ўақытта адасып жүрген бир жигит
Ғаррыға дуўшар келипти,
Жигит сәлем берипти,
Ғарры сәлем алыпты.
Жигит ол ғаррыға жақын барыпты.
— Бул не аўҳал, жасы үлкен? — деп оннан жигит сорапты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда ғарры көрсетипти жатырған шаңға былғанып
Ешекти ҳәм ол еки қапты.
Ҳәм былай депти:
— Мына ешек жатып қалып, турғыза алмай турыппан:
Буны сөгип-ҳәм, урып-ҳәм.
— Не артып едиң ешекке? — деп жигит тағы сорапты.
— Не артайын, — депти ғарры — ана қабымның дәни
бар,
Оның аўып кетпеўи ушын тең етип оған тағы да,
Топырақ артып қойыппан ешектиң мына жағына.
Бунық бир жағында мәни бар.
— Болмаспа еди — депти жигит ғаррыға —
Сизге мынандай десек те:
Сиз оннанша сол қаптағы ана топырақты қалдырып,
Мына дәнди екиге бөлип артағойсаңыз ғо ешекке,
Ешектиң жүги пәкизе сол ўақта жеңил болады.
Бул ақыллы пикир жүдә мақул түсипти ғаррыға.
Бирақ
Ол былайырақ барды да
Азырақ ойланыңқырап:
— Иним, кимсен, танысайық, сен өзиң қалай турасаң?
Хожалығың, күн көрисиң, ҳалың қалай? — деп сорады.
— Хожалығым мениң жүдә жарлы турады, жасы үлкен.
Үйде кемпир екеўимиз. Бир кийиз ҳәм бир көрпем
бар.
Басқа мениң нем бар.
Бизики жетпесинлик, бизики кемтар.
Бир ешким бар. Әне, соны тартып отырмыз таңлайға.
Қудай бермесе қыйын екен маңлайға.
Үйлене алмай жүриппен — кеўлимде қыйлы-қалым бар.
Бирде таўып, бирде таппай ишип жүрген ҳалым бар.
Сол ўақта ғарры:
— Болды, иним, дурыслығына исенбеймен сөзиңниң!
Егерде сен болғанында ақыллы
Онлап алған болар едиң үйиңди әўел өзиңниң!
Сен қусаған ақыллыны жүргенмен көрип мен талай!


www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнин зорға көрип жүрген сорлы екенсең ғой еле сен!
Өз күниңди өзиң оңлап көре алмай жүрип сен қалай
Маған ақыл бересең? —
Деп ешекке жүўери менен топырақты қайтадан артып,
Кеткен екен ғарры жол тартып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҒАРҒА ҲӘМ ТҮЛКИ

(*Крыловтан*)

Мақтағанды жақсы көрме, Оннан таппайсаң пайда.
Өйткени, сум болады жағымпаз.
Онда тәсилдиң түри көп, онда жақсы қәсийет аз,
Ол сениң қышыған жериңди тауып қасыйды, абайла.

* * *

Қудайтала собықтай гөш берипти Ғарғаға,
Ғарға сөйтип қонып алды бир шақаға жарлана,
Азырақ бир ауқатланып алмаға.
Бәле бирақ қаралыға табылады бәрҳәма:
Сорлы — қай уақта да сорлы,
Бул жерге кәпелимде Түлки тайын болды,
Оңбайтуғында ийис сезими күшли,
Әне, оның көзи гөшке түсти.
Жалатай астына барды ағаштың жақынласып,
Аяқларын буўынсыз, саққыз қылып басып,
Қасты-гәрези гөшти алмақшы.
Былай деди Түлки Ғарғаға; — „Жаным!
Сен құс емес, жерге жиберип қойған,
Жарасығы шығарсаң алланың".
Көзлериң қандай яқшы,
Сениң майыныңдай мойынды бирақ,
Ертеклерде еситип ек, ол да болса азырақ.
Журтлар сениң жанында Тауысты бийкар мақтайды,
Қойса со Тауыс дегенди. Ол маған пүткил жақпайды.
Саған мегзес сулыў құс жәннетте де аз шығар,
Жаным, сениң шырайыңа қарағанда усындай,
Даўысың хәм, ант ишейин, саз шығар?!
Азырақ бир қәне, қәне, сайрап жибер, қысынбай!
Құс патшасы боларлықтай құс ғо Ғарға дүньяда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирак ол айткан бола ма! — Әдиллик бар ма дүньяда!
Мактағанға Ғарғаның басы айналды пүткиллей.
Сонлыктан сорлы „ғарк“ етти Түлкини узақ күттирмей,
Гөш жерге түсти,
Түлки какшыды алды.
Сөйтип тамамлаўға туўра келди тымсалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАСҚЫР ҲӘМ ҚОЗЫ

*(Крыловтан)*

Күшлиниң қасында әззи гүналы,
Олла-биллә, Семиз дос емес Арыққа.
Буған мысал толып атыр тарийхта,
Сонлықтан тымсал, минекей сөз етеди мынаны.

---

Суў ишпеге бараман деп. бир өзектиң бойына,
(Бәле-қада қайда жоқ, бассаң аяқ астында.)
Сорлы Қозы ушырасыпты Қасқырға.
Қасқыр бирақ Қозынын айыбын қойып мойынға,
Жегенди мақул көрипти.
Сүйениўди зәкүнге Қасқыр ҳәм ақыл көрипти.
—„Оңбайтуғын, —дейди Қасқыр, —түсиндир маған,
сен айтып.
Не себептен мына мениң ишейин деп атырған,
Суўымды туўсаң ылайтып?!
Тәртип пенен әдеп сақлаў шығыпты сениң ядыңнан!
Жулайын ба басыңды турған жерде бул ушын?!"
(Маңлайы қара әззиниң көрген күни қурысын!)
—„Ҳасылзадам, ирeҳим етиң, қәтелик кетсе
кишкентай!
Бирақ сизиң ишейин деп атырған суўды ылайта
Алыўыма итимал жоқ ҳеш қандай.
Ең кеминде жүз адымдай ығында суўдың, былайда,
Аяқ бетте, кеширерсиз, мен турман?!".
—„Демек мениң өтирикши болғаным ба, ант урған?!
Дүньяда уятсызлықтың, билемен, жүдә түри көп!
Ҳаў, айтқандай сениң маған былтырғы жылы бир рет,
Жаман гәп айтып кеткениң умытылған жоқ ҳасла!"
—„Ҳаў, мен ғой быйыл туўылдым. Мен емеспен,
ол—басқа!
Туўылғалы тоғыз ай толды маған, болғаны?!"
—„ Олай болса ол сениң туўысқан ағаң болғаны,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уксаслығын билинип тур, мине, сениң көзиңнен!"
—„Кеширип, мениң ағам жоқ. —Енедеп жалғыз
өзиммен."
—Айланайын, маған өйтип ақыл айтпаң. Аман бол!
Ол яки сениң Қәйиненең, я Қәйинбийкең бола ма?
Мен оның билмеймен, оның меннен сорама,
Ким болса да тамыр шатақ биреў болды саған ол.
Қулласы, бәриң душпансыз: Шопаныңыз, Ийтиңиз,
Талай рет зейиниме тийдиңиз
Буның ушын көрсетемен!"
—„ Қандай гүнә тақтым"— деп?...
—„Оны ойлап отырыўға, кешир, мениң ўақтым жоқ!
Аш болғаным ушын ҳәтте айыплысаң алдымда!"—
Деп Қасқыр аўыз салды алқымға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОРТАН

*(Крыловтан)*

Күн бермегенликтен суўдағы шабақларға,
Шортанның үстинен судқа берилди арза,
Көп көрсетилди айғақлар да,
Сол себептен канишерди салып самарға,
Судқа әкелди суў халқы,
Судьялар да жыйналды.
Өзлери жайылған отлақлар беттен,
Биракта атлары архивте қилған.
Судтың составы ибарат еди еки Ешектен,
Еки-үш Текеден, еки ғарры Байталдан,
Ҳәм жумыста тәртип болсын деп беккем,
Түлки прокурорлыққа сайланған.
Буннан бурын усы Шортан, балық пенен Түлкини
Тәмийин етти деген мыш-мыш сөз таралған еди
халыққа.
Шынлықты бүркеў болған жоқ отырған судьяларда,
Әсиресе Шортанның қылмысын усы сапар да,
Мүмкиншилик болмады шалғай менен басыўға,
Туўра келди бул ирег былай деп пәрман жазыўға;
„Енди буны тек
Путаққа—дарға асып өлтириў керек!"
Бирак:
—Ҳүрметли судьялар, – депти Түлки шығын сөзге,—
Бизлер оны олайша өлтирмейик, жақ!
Бул Шортанның аўыр қылмыс ислегени ырас!
Сонлықтан оны асып өлтириў аз!
Мен оған жаза усынар едим өзге,
Колланып ҳасла көрмеген ҳеш ким бизиң әсирде.
Қорқынышлы болсын бул ендиги жалатайларға!
Қалай болар, усыны мантықтырып өлтирсе?!
—Жүдә жақсы, Тәке, айтарың барма!—
Деп судьялар усынысты мақул тапты.
Сөйтип, Шортанды дәрьяға атты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУЛП ҲӘМ УРЫ

**Адам өз бақытын өзи байлайды.**
**Бирақ буны мойынлаўшы бенде аз.**
Кемис сенде—көп, кемис менде—аз.
Жақсы—мен, жаман—ол,
Сен ең соңғы оңбағанға сөйлетип көр, саған ол,
„Барлығын дурыс етип жүрмен!"—деп сайрайды.
Сонда да бирақ, аўызы пыт-пытлаған ақылгөй,
(Әбзели дүзелеғойған ҳәм мақулғой),
Ақыл бергенин қоймайды.

---

Бир күни Уры,
(Биреў көриптимиш буны)
Түсип жылға ҳәм сайға,
Келди еректеги бир жайға.
Түн тастай қараңғы.
Булт астында орақтай ай да,
Маңлайға урса билмейди адам адамды.
Урлаўға түсти деп оңайға,
Уры жулқыды Қулпты,
Гә жақлаўды, гә зулпты.
Ҳеш,
Қулп сынар емес.
Сол ўақытта сөгинип Уры:
—Усталарға нәлет,—депти,—сени ойлап шығарған!
Сонда Қулп: —Кет,— депти Урыға,—арман!
Бийкар айыплайсаң журтларды қуры!
Сен өзиңди сөгип турсаң, көргенсиз!
Мени соққан, мени бүйтип бул дүньяға келтирген
Сен!
Мен дүньяға келмес едим сенсиз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПӘСЛИК

*(Ҳинд ертеги тийкарында)*

Пәс өзиниң пәслигине барады,
Пәс пәслик етпес, тек саған жеткпей турған ўақытта
дады.

---

Ертеде бир дуўахан,
Бир Тышқанды алып қалыпты аман,
Ғарға жаңа гүтип жейин деп атырған жерден,
Ҳәм ол үйге әкелип, оған ас-суў берген.
Бирақ нәрсе жер таппағандай ҳәслан,
Пәс-пәсктиң басына түседи бәп-бәлент аспан,
Жудырық тийер орынды гар маңлайдан табады;
Қәнекей Тышқанға Пышық күн бер.е!
Соңлықтан да дуўахан: —„Күн көреройсын, қаралы",
Деп бир күни Тышқанды Пышыққа айландырыпты.
Бирақ усы Пышықтың алдынан шыққан Ийтлер де,
Күнде талап, қытықшыл қуйқасында ойнапты,
Көре сала дуўахан және бул ҳайўаншылықты
Оны Ийтке айландырса, Ийтти Жолбарыс қоймапты.
Мине дуўахан дуўалап Ийтти Жолбарыс етипти,
Сөйтип Тышқан Жолбарыстың уллы дәрежесине
жетипти.
Жолбарыс бирақ
Усы дуўаханға жақынлаңқырап:
—„Негизимниң пәслигинен мен көрмедим не исти,—
Деп ойлапты—Енди жур лар тийисли,
Мени „түптен салған Жолбарыс" деўге!
Бирақ
Бул дуўахан ғўзы былшырап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасалма Жолбарыс екенимди айтып қояр биреўге!„—
Деп оны өлтирмек ушын аўыз салыпты.
Биракта бул бузықлықты байқаған,
Дуўахан оны дуўалап, Тышқанға айландырыпты
қайтадан,
Сөйтип өзи өлимнен зорға аман қалыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАЙЎАНЛАРДЫҢ СУЎРЕТКЕ ТҮСИЎИ

Ешек, Өгиз, Ийт, Шошқа,
Порсық, Тышқан, Гүзен, Пышық,
Ҳәм ҳайўанлар тағы да басқа
Жәмлести, сүўретке түсип,
Естелик қалдырыўға дос доска.
Мақул ҳайўанлар айтқан гәп.
Маймыл—фотограф.

Мине үлкен тәшуиш, үлкен салтанат!
Ҳайўанларда қуўаныштан ушпаға жоқ қанат,
Өгиз бенен сүўретке түскени ушын Тышқан шад.
Пышыққа қандай жақсы ат,
Тенелгени сондай ири малға.
Маймыл да ҳайўанлардын кеўлин таппақшы.
Жүдә жақсы!
Отырғызбайды биракта ҳешким ҳайўанды жөнлеп.
Ҳәр ким умтылды ортаға, алға,
Биреў биреўди өпменлеп.
Ҳайўанлар өзлерине басқаша түр берип,
Отырды ҳайўанларша мардыйып, тумсықларын көтерип.
Маймыл гә алға, гә бәсип кейин,
Пуқталап түсирди сүўретке.
Мине, сүўрет тайын.

Ортада Өгиз бенен Ешек.
Ийт ҳәм Шошқа турыпты еки шетте,
Бирақ
Мине түсти ақ көкрекке дақ.
Сүўретке түспей қалыпты майда ҳайўанлар ҳешқандай.
Әлибетте сүўретке түспей қалды Пышық,
Майда ҳайўан Гүзен, Тышқан, Порсық.
(Ҳайўанларда ири—күшли, әззи—кишкәнтай.
Ҳәмме бул жағдайды биледи.)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип, майда ҳайўанлардың сүўретке түсиў тилеги
Қалды жүзеге аспай.

Мен енди былай дер едим бәршеге:
Мине көриң, дыққат қойың енди мына бир нәрсеге.
Мине қалды бул сүўретке майда ҳайўанлар жайғаспай.
Өйткени ҳайўанларда зәкүн жок.
Сол себептен оларда күшлиге орын бар,
Әззиге орын тар.
Сол себептен ҳайўанларға өкпелеўге ҳақың жоқ.

Бул тымсалды салыстырып адамзат жәмийетине
Журтқа енди қандай пикир айта алыўға болады?—
Бул сораўға былай жуўап қайтарыўға болады.
Өзлериңиз билесизлер: зәкүн бар бизде орнаған,
Адамлар ушын бирақта билеги жуўан күшли емес.
Өтип кетти бул жерде күшлилик басқа формаға.
Адамшылық жәмийетте ақшасы көптиң күши көп,
Ақшасы аздың күши аз.
Бай адам күшли: қарамас, нәренжанба, кишиме,
Шалқасына жығып салып, палўанның тебер ишине,
Миллионы бар әлжуўаз.
Ойлаған ой, мақсетине ақшалы адам жетеди.
Пулы барда күш те бар, пулы барда ҳал да бар.
„Мине, мен!"—деген жананды сүйреп алып кетеди,
Яман екен, япырмай, ақшасы көп ғәллағар.

Адамзат жәмийетинен күшлиниң усы түрлери,
Орын алып жүрген болса, онда жақсылық излеме.
Жоқ болып шыққан болады ол ўақта зәкүн бизде де.
Адамзат онда ҳайўаннан арман кетпеген болады.
Адамгершилик басқышқа адам жетпеген болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЙМЫЛДЫҢ ПИКИРИ

Дүньяда мына ҳақыйқатлық тақыйық:
Минез иси келиспегенде жумсақ,
Ал иси келискен кетер ақыйып.
Бул дүньяда ҳеш нәрсениң бәнти болмас ҳеш,
Иси оңға жүрген ўақта Пәс өзин Бәлент санайды.
Гей ўақытта Арзымаған Арзығанды менсинбес,
Ол оған жоқарыдан қарайды.

---

Ертеде, бир ўақта,
Бир маймыл Африка жақта,
Жалғыз көзли, қуныш болып туўылыпты анадан.
Буны көрип ҳайран қалып бир адам:
—Қай пығлына тапқың,—депти,—қаралы, аллаталадан?!
Дүнья еле бийхабар сен киби бәле қададан!
Айтпақшы, сени апарып үлкен-үлкен қалаға,
Халықтан ақша жыйнасам, биреў тартып алама?!
Деп оны алып кетипти...
Бирақ үш жыл, он айда,
Ығбал айдап, қайтып келди бул Маймыл усы тоғайға.
—Баяғысаң ба?!—депти сонда қурдаслары,—ҳәй, тоқта!
Усынша ўақ көринбей жоғалып кеттиң қай жаққа?!
Сол ўақытта майып Маймыл былайынша мақтанды:
—Бир адам мени апарды Парижға ҳәм Лондонға,
Көрсетиў ушын халықларға сол жақларды жайлаған.
(Әлбетте, сизлер билмейсиз ол қусаған жақларды.)
Маған
Адамлар қарады ынтығып сонда.
Әсиресе унаған ҳәзир де мениң ядымда,
Турқымды көриўге келген, ҳәттеки Король қатынға!
Басқа маған сүйсингенди сыйғыза алмайсаң ҳеш санға,
Маймыллардың бәрин жыйнап бармақларын қоссаң да!
Былай деди сонда бир Маймыл оған:
—Ашнам, мени кеширегөр бөлгениме сөзиңди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрсетиўге не ушын алып кетти ол адам,
Ҳәммемизди қалдырып, тек ғана сениң өзинди?!
—Усы сөзди айтпады деп отыр едим бурын да!—
Деди оған майып Маймыл жыйырык жыйнап мурынға—
Сениңше мениң қайсындай керегим бар ол адамға,
Адамларға көрсеткендей көрер көрким болмағанда?!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕРЕК ЕШЕК

*(Сергей Михалковтан)*

Өгиз тамаққа шақырды түс ўақта,
Малхана толы қонаққа,
Ал стол?—Ҳәр түрли тамаққа,
Қонақлар отырса болар еди, ўақыт та жетти.
Бирақ мынандай сыбырлы: „Аўқатқа күтеди,—дейди,—
Ешекти.
„Ешек киятыр!“—леп еситиле ғойса хабар.
Үй бийкеси стол дөгерегинде отырыўға, қонақларға
ым қағар!
Мине, қонақ келди сарғайып күткен.
Қарсы отырғызылды Саранаў Қашарға,
Ҳүрметли орынға саўлықлар беттен.
Өгиз арақ қуйып: „Ҳәмме,—деди,—саў болайық, бәрҳә!
Тыңлаңызлар!
Ешекте сөз бар!“
Суў серпкендей өшти шадлы даўыслар,
Бизиң Ешек сулы ҳаққында сөзди мыжыўға қарады:
Сулы қанша турады ҳәм ол қалай сақланады.
Ол не ушын тоқ болады буўдайдан...
Ешек аз дегенде сөйледи бие-е-ер майдан,
Бир Қошқар ишип те үлгерди,
Ғарры саўлық та қалғыды—солғын түр берди,
Еле сөздиң ақыры жоқ сулы ҳаққында,
Ешекте токтаўға жоқ дәрман.
Қосық айтыў, ишиў, жеў қонақларда жоқ дым да,
Сонлықтан да биримлеп кетип болды қатардан.
Зыяпат тамамланып, тарқап кетсе де барлық жан,
Өгиз қалды тыңлаўға Ешекти, даўысы қарлыққан.

Бундай Ешек булкараға қай жақлардан пайда болған?
Өгиз қалай Ешек пенен аўқат жейди бир столдан?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не ушын Өгиз бул Ешекти шын жүректен дос еткен?
Ешек хүрметте болды. Өгиз мүтәжли еди Ешектен.
Егер Ешек жем жумысын басқармағанда,
Өгиз оны түслендирмек түўә, жақынлатпас еди салы сабанға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАҚЫТЛЫ САҒАЛ

*(Хинд ертеги тийкарында)*

Бир Сағал урлық қылмаға,
Түсип алып жылғаға,
Жалғыз үйге келиўден-ақ жазда,
Көзи түсти шәртектиң астындағы қоразға.
Салмағы менен сырықты майыстырып атырған,.
Әлбетте, Мәкийенлердиң арасында жатырған.
Сағал дәрриў жылыслап әдәўир жақынырақка,.
Қоразға қарап жоқары атлығып еди,
Ол мине,
Аяғы аспанға қарап жалп ете қалды биракта,
Бир ылыска қуйып қойған бояўшының нилине.
Минекей, сөйтип бул маңлайы қурғаң,
Бөксеси етип алып бурраң-бурраң,
Сүйретилип шыға сала бояў толы ыдыстан,
Деп ойлады: „Қояйын сирә басқаны:
Бул жерде бир бәле бар шығар,
Мақул болар маған бул жерден қашқан!
Омыртқам ғой, япырмай, үзилип кете жазлады,
Мен қудайдың қәйин-енесиниң үйине түскен
шығарман?!"
Ол сөйтип зытқып баратыр пәт алып пәрўардигардан..

Сағал усы шабыстан бир тоғайға килерде,
Алдына туўры қараса, келген екен бир жерге,
Патшасы өлип ҳайўанлар орын алып тақырдан,
Орнына патша сайлаўға жыйналыс ашып атырған.
Усы ўақта сөз берилип Өгизге:
„Төрелер,—деди—қысқаша сөзим мынаў, айтажақ:
Ҳәмме ушын тең, әдил патша керек бизге,
Қәйтеди бул орынға Жолбарысты сайласақ?"
„Усыныска турған жерде қарсыман!—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деди Түлки коз баскандай омпа түсип алшыдан,—
Неге пикир алмайсыз усы келгенлерден сиз?
Керек емес ол бизге! Биз оларды көргенбиз!
Қарап боламыз ба ҳәм Жолбарыстан?!
Билесеңбе, тийеберсин, уллы марҳум Арыслан
Патша болып, өз арысланларын жыйнап айналасына,
Кимин ўәзир, кимин казы етип алды қасына!
Ярым жылдай патшашылық тийип еди саған да,
Ҳөккизлер министр болды шиңгирик пенен сабанға.
Әдил болып орнатар деп елдиң теңлик-бирлигин,
Бөрибасарды патша етсек ийтлердиң шаўып арына,
Ийелетти ол да жуўынды менен өлимтик министрлигин
Өзиниң көпеклерине жәпе қаншықларына.
Бәриң усы ўаққа дейин патша болып бизге,
Бурғанларың жетер буйириңизге!
Енди сизлер, дер едим мен, патша етип сайлаң,
Егер бар болса ҳеш ҳайўанға усамаған ҳайўан!"
„Жолдаслар!—деди Ешек артқы аякка ырғып минип
шаққан,—
Тыңлаңызлар, мен бир сөз айтажақпан!
Бул дүньяға шығып көрмеген ҳасла,
Мине, мениң қасымда отырған жасыл түсли ҳайўан бар.
Айтың, дослар, усыны сайлайғойсақ болмас па?"
„Бәрекелләә, ҳасыл гәпти таўып айтты-аў, пай,
заңғар!"—
Деп ҳайўанлар мақул таўып бояўға батқан Сағалды
Арысланның орнына зәмберге салып апарды.

Мине, Сағал келгеннен соң ҳүкиметтиң басына,
Өзиниң сағалларын жыйнап алып қасына:
„Ағайинлер!—деди ол,—орныңыздан турыңлар!
Сағаллардың бақытлы болыўы ушын, қәне, енди
улыңлар!"


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЙТ

Былай депти бир адамға бир адам:
—Ийт ийтлигин коймайды деп шарбая бийкар датлайды,.
Сен, болмаса, карап жибер мынаған,
Ҳәзир неге анаў Ийт Султанды нәрсе каппайды?
Енди өзиң-ак бир айта ғой, маған?
Ҳеш адамы жок еди ғо бул Ийттиң бурын қаппаған?!
Оған былай деди жолдасы бирақ:
—Ол Ийт еле кабады, сен сабыр ет азырак,
Ҳәзир Султан таслаған сүйекти ғайзап атыр ол,
Сонлықтан тыныш жатыр ол.

—586



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Поэзия, улыўма айтқанда әдебият бул ҳуждан менен бирге питкен илим (*Алғы сөз*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3

### Лирика

Ўатан-анам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Қарақалпақстан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Карл Маркс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Таў үстинин қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Мен сүйермен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Ўа-д-ах, сол көринген гөззал яр! . . . . . . . . . 18
Перийзат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Дилбар барар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Ағар дәрья . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Жалғыз усы кен дүньяда бар . . . . . . . . . . . 23
Аңларсаң ба? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Әрман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Ойлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Еврей мелодиясы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Егер бир күлип қараса сол Шыраз қаласының жанаңы . . . 29
Дәртиме дәрман нәрсе шараплур, гөззал жанаңдур . . . . . 30
Жүзиндей жарқын ай ҳасла аспанда ҳәм йоқ . . . . . . 31
Таслар жақсы сөзлерди басыңнан үйип ол нигар . . . . . 32
Маған набыт, жоқ болыў тур ярды бир саат көрмесем . . . 33
Яр өтер, қарарман төмен, суўсты гөззалдың басымдур . . . 34
Хошқылық ҳәм ойнақылық, еркелик тән гөззал ярға . . . . 35
Ай жүзлим, аллаң яратты сени сондай гөззал қылып . . . . 36
Ертеректе . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Мине, ҳәмсе алды жағымпаз . . . . . . . . . . . . 38
Ақмақлықты жырлаў (Биринши қосық) . . . . . . . 39
Ақмақлықты жырлаў (Екинши қосық) . . . . . . . 40
Сол нәрсеге мақтанышлыман . . . . . . . . . . . . 41
Урыс ақыбети . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
В. И. Ленин, дийхан ҳәм бир жуп етик ҳаққында баллада . 43

### Тымсаллар

Майқабақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Аксар ҳәм Қаңбак . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Асқабақ ҳәм Сетерпара . . . . . . . . . . . . . . . 56
Сөз ҳәм ис . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Түлки қуйрығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Қораз ҳәм Пышық . . . . . . . . . . . . . . . . . 60



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғарры хәм Жарлы . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Ғарға хәм Түлки . . . . . . . . . . . . . . . . 65
Қасқыр хәм Қозы . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Шортан . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Қулп хәм уры . . . . . . . . . . . . . . . . 70
Ңәслик . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Хайўанлардың сүўретке түсиўи . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Маймылдың пикири . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Керек Ешек . . . . . . . . . . . . . . . . 77
Бақытлы Сағал . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Ийт . . . . . . . . . . . . . . . . 81



www.ziyouz.com kutubxonasi

Даулен Айтмуратов

**ИСТИНУ Я ЛЮБИЛ...**

(*Стихи и басни*)

На каракалпакском языке

**Издательство „Каракалпакстан"**
**Нукус—1988**

Редакторы *З. Бекмуратов*
Қарап шығарған *Ш. Аяпов*
Художник *З. Бекмуратов*
Худ. редакторы *К. Ғейпназаров*
Тех. редакторы *Е. Ерекеев*
Корректоры *И. Оразов*

**ИБ 3197**

Терийуге берилген ўақты 29/ I—88-ж. Басыўға руқсат етилг[illegible] ўақты 09.091988-ж. РК 33612 Қағаз форматы 70x108$^1/_{32}$ № 2 әдеб[illegible] гарнитура Кегель 10 Көлеми 2,625 баспа табак. 3,67 шәртли бас[illegible] табак 2,78 есап баспа табак. Заказы 586. Тиражы 2000. Баҳасы. 35[illegible]

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көш[illegible] си, 9.

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бой[illegible] ша мәмлекетлик комитетинин „Правда" газетасының 50 жыллы[illegible] атындағы Нөкис полиграфкомбинаты 742000 Нөкис қал[illegible] К. Маркс көшеси, 9



www.ziyouz.com kutubxonasi